

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL
MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA

Waktu : 90

Kelas : III (Tiga)

Hari tanggal :

I. Memilih salah satu jawaban yang tepat dengan memberi tanda silang (x) pada huruf a, b, dan c!

1. Cita dongeng klebu sawijine tulisan sipat ...
 - a. Bener kedadean
 - b. Nyata
 - c. imajinatif
 - d. fakta
2. Cita dongeng disebarake kanthi gethok tukar. Gethok tukar tegese ...
 - a. Diamot ing kalawarti
 - b. Ditulis ing internet
 - c. disebarake kanthi lesan
 - d. ditulis dadi buku
3. Ing ngisor iki klebu tuladha cita dongeng, yaiku ...
 - a. Crikak
 - b. Fable
 - c. babad
 - d. cerpen
4. Piwulang utawa pitutur luhur sajrone dongeng kasebut yaiku ...
 - a. Tulung tinulung
 - b. Bakti negara
 - c. padudon
 - d. ora pareng umuk
5. Dongeng kang ngemot unsur pendhidhikan lan agama diarani...
 - a. Fable
 - b. Sage
 - c. legedha
 - d. pasemon
6. Cita dongeng kang paragane arupa kewan, diarani ...
 - a. Sage
 - b. Legenda
 - c. fable
 - d. mitos
7. Piwulang becik kang bisa ditiru saka cita dongeng tuladhane yaiku ...
 - a. Seneng tetulung
 - b. Memungsuhan
 - c. ngapusi
 - d. ora setya

Kelinci lan walang

Sawijine dina nalika ungsum udan, Walang ngrasa kadheme.

Omahe dheweke rusak jalaran kena udan angin mau sore.

Walang banjur thothok-thotho omahe kelinci.

“kelinci, apa aku oleh nyilih kemul? Omahku jugrug amarga udan angin mau sore,”guneme walang.

“ya uwis, ayo mlebu omahku wae! Njero omahku krasa anget.”

Kelici banjur ngajak Walang mlebu omahe lan nggawekne wedang panas supaya Walang krasa anget.

8. Watake kelinci yaiku ...
 - a. Kendel
 - b. Culika
 - c. seneng tetulung
 - d. seneng padudon
9. Walang mertamu marang omahe kelinci amarga ...
 - a. Ora duwe panganan
 - b. Omahe rusak lan dheweke kadhemen
 - c. dheweke kepanasen
 - d. kelinci dhewekan neng omah
10. tema saka dongeng kasebut yaiku ...
 - a. Budi pakarti
 - b. Pendhidhikan
 - c. hiburan
 - d. Kesehatan
11. Ing ngisor iki kang ora klebu unsur intrinsik sajrone crita dongeng yaiku ...
 - a. Tema
 - b. Latar belakang penulisan
 - c. alur
 - d. tokoh
12. Kang ora klebu perangane latar sajrone crita dongeng yaiku ...
 - a. Latar wektu
 - b. Latar papan/panggonan
 - c. latar belakang
 - d. latar swasana
13. Ing ngisor iki babagan kang kudu digatekake nalika nyritakake isi dongeng, **kajaba** ...
 - a. Swara
 - b. Wirama
 - c. wirasa
 - d. solah bawa
14. Ing ngisor iki klebu sawijine crita fable, **kajaba** ...
 - a. Baya lan semut
 - b. Walang lan semut
 - c. manuk Emprit Memitran karo Kidang
 - d. rawa pening
15. Rerangkening aksara kang ngemu teges lan dimangertani surasane diaranni ...
 - a. Ukara
 - b. Tembung
 - c. tembang
 - d. karangan
16. Pacelathon uga diarani ...
 - a. Dhialog
 - b. Monolog
 - c. prolog
 - d. epilog
17. **Pak Bagus mirsani TV.** Tembung mirsani minangka ... sajrone ukara kasebut.
 - a. Jejer
 - b. Wasesa
 - c. lesan
 - d. katrangan
18. Njaga lingkungan kanthi gemi nggunakake energi dadi kuwajiban ...
 - a. Wong diwasa
 - b. Bovah cilik
 - c. kabeh manungsa
 - d. para siswa

19. Ing ngisor iki mupangate banyu kang bener, **kajaba** kanggo ...
- Ngombe
 - Masak
 - kecek
 - adus
20. Manungsa kudu **gemi** anggone nggunakake energi. Tembung **gemi** tegese ...
- Boros
 - Akeh
 - irit
 - ora awet
21. **Melon, pelem, lan rambutan** klebu jinise tembung ...
- Barang
 - Kriya
 - aran
 - katrangan
22. Sakabehe tembung kang mratelakake kaanan utawa sipat barang diarani tembung ...
- Kaanan
 - Kriya
 - katrangan
 - aran
23. Tembung-tembung ing ngisor iki sing klebu tembung aran sing ora mawujud yaiku ...
- Buku
 - Garisan
 - lemari
 - agama
24. Omong-omongan antarane wong loro utawa luwih diarani ...
- Pidhato
 - Pacelathon
 - wara-wara
 - pawarta
25. Ukara kang isine nggambarake utawa ukara kang nyritakake bab utawa kadadeyan diarani ukara ...
- Andharan
 - Pitakon
 - pakon
 - aran
26. **Siti tuku roti menyang pasar.** Tembung menyang pasar kalebu ...
- Jejer
 - Wasesa
 - katrangan papan
 - lesan
27. Ing ngisor iki klebu sumber energi kang ora bisa dianyari, yaiku ...
- Srengenge
 - Batu bara
 - banyu
 - angin
28. **Rudi nata meja kelas 3.** tembung meja minangka ...
- Lesan
 - Katrangan
 - wasesa
 - jejer
29. Tembung-tembung ing ngisor iki kang klebu tembung aran sing ora mawujud yaiku ...
- Buku
 - Garisan
 - lemari
 - basa
30. Ukara ing ngisor iki kang ora klebu ukara pakon, yaiku ...
- Jupukna bukuku iku!
 - Tutupen lawange
 - sapa sing during tekan kene?
 - bukakna lawang ngarep iku?

Karesikan lingkungan iku salah sawijine perkara seng penting kanggo njaga Kesehatan lan kualitas urip. Lingkungan sing resik bakal ngasilake hawa sing seger, ora ana polusi, lan bisa ngurangi risiko penyakit. Kabeh wong kudu

melu njaga karesikan lingkungan supaya bisa njaga bumi supaya tetep lestari.

Njaga karesikan lingkungan bisa diwiwiti saka awake dhewe. Kanthi ngetrapake pola urip sing resik, kayata ngurangi sampah plastik, milih sampah, lan ora mbuwang sampah sembarangan, awake dhewe bisa menehi tuladha kanggo wong liya. Partisipasi aktif saka masarakat, pamarentah, lan organisasi lingkungan uga penting kanggo nggawe program-program karesikan sing terstruktur.

31. Irah-irah kang trep kanggo wacan ing dhuwur yaiku ...
 - a. Njaga Ekosistem Lingkungan
 - b. Pola Urip Sehat
 - c. njaga karesikan Lingkungan
 - d. Njaga Kesehatan lan Lingkungan Urip
32. Njaga karesikan lingkungan penting, jalaran ...
 - a. Wis kuwajibane manungsa
 - b. Lingkungan kang resik bisa njaga Kesehatan lan kualitas urip
 - c. Lingkungan dadi endah
 - d. Bisa nuwuhake semangat patriotisme
33. Teks kang ngemot andharan utawa panjlentrehan sawijine bab utawa informasi tartamtu yaiku taks ...
 - a. Eksposisi
 - b. Prosedur
 - c. deskripsi
 - d. pacelathon
34. Informasi lan pengetahuan kang diandharake sajrone teks eksposisi asipat ...
 - a. Nyata
 - b. Fiksi
 - c. ngayawara
 - d. persuasi
35. Ing ngisor iki kang ora klebu tujuan teks eksposisi yaiku ...
 - a. Njletrehake informasi
 - b. Menehi pangaribawa
 - c. ngandharake pengetahuan
 - d. nambah wawasan
36. Bab kang diandharake sajrone teks eksposisi, **kajaba** ...
 - a. Ide
 - b. Pengetahuan
 - c. pacelathon
 - d. informasi
37. Njaga karesikan lingkungan bisa ditindakake kanthi samubarang cara, **kajaba** ...
 - a. Ngetrapake pola urip sing resik
 - b. Ngurangi sampah plastik
 - c. ora mbuwang sampah sembarangan
 - d. mbuwang sampah ing kali
38. Ukara kang digunakake sajrone teks prosedur yaiku jinis ukara ...
 - a. Pakon
 - b. Pitakon
 - c. tanggap
 - d. tanduk
39. Tesis sajrone teks eksposisi ngemot babagan ...
 - a. Perangan pambuka
 - b. Tetepangan isu
 - c. panemu lan alas an
 - d. panutan lan dudutan
40. Basa kang digunakake sajrone teks eksposisi yaiku ...
 - a. Endah
 - b. Kawi
 - c. baku
 - d. rinengga

41. Ing ngisor iki mupangat nyemak wacan, **kajaba** ...
- a. Nambah wawasan
 - b. Ningkatake pengetahuan
 - c. mangerteni perkembangan ngelmu
 - d. wasis nembang
42. Supaya gampang anggane nulis teks eksposisi, perlu gawe ...
- a. Irah-irahan
 - b. Cengkorongan
 - c. dudutan
 - d. topik
43. Teks kang ngemot tata cara utawa Langkah-langkah nindakake pagaweyan tartamtu diarani ...
- a. Deskripsi
 - b. Eksposisi
 - c. narasi
 - d. prosedur
44. Ing ngisor iki kang ora klebu struktur sajrone teks prosedur yaiku ...
- a. Irah-irahan
 - b. Tesis
 - c. alat lan bahan
 - d. tata cara
45. Ing ngisor iki bab kang dirembug sawijine teks prosedur, **kajaba** ...
- a. Tata cara gawe prosedur
 - b. Nindakake kagiyatan
 - c. ngandharake imajinasi
 - d. nggunakake piranti
46. Asil akhir sawise nindakake pagaweyan sajrone teks prosedur kaamot ing perangan ...
- a. Alat lan bahan
 - b. Irah-irahan
 - c. tata cara
 - d. tujuan
47. Omang-omong antarane wong loro utawa luwih diarani...
- a. Pidhato
 - b. Pacelathon
 - c. wara-wara
 - d. pawarta
48. Ing ngisor iki klebu ancas pacelathon, **kajaba** ...
- a. Menahi informasi
 - b. Menahi hiburan
 - c. sarana pangajak
 - d. sarana ngapusi
49. Tembung-tembung ing ngisor iki sing klebu tembung aran sing ora mwujud yaiku ...
- a. Buku
 - b. Garisan
 - c. lemari
 - d. basa
50. **Dewi toko roti menyang pasar.** Tembung **menyang pasar** kalebu ...
- a. Jejer
 - b. Wasesa
 - c. katrangan papan
 - d. lesan